

Apati 1ye desanm 2019:

- Travayè yo p ap gen pèmisyon pou travay sou chantye sa a sof si yo resevwa **30 èdtan fòmasyon sou sekirite**, yo pwouve avèk yon kat OSHA 30, yon Kat Fòmasyon Limite sou Sekirite nan Chantye , oswa yon Kat Fòmasyon sou Sekirite nan Chantye.
- Travayè k ap sèvi kòm yon Manadjè Sekirite nan Chantye, Kowòdonatè Sekirite nan Chantye, Manadjè Sekirite nan Beton, Sipè-Entandan Konstwiksyon oswa yon Moun Konpetan, jan sa obligatwa dapre Seksyon 3301.13.12 Kòd Konstwiksyon, p ap jwenn pèmisyon pou travay sou chantye sa a, sof si yo resevwa **62 èdtan fòmasyon sou sekirite**, yo pwouve avèk yon Kat Fòmasyon sou Sekirite nan Chantye Sipèvizè bay yo.

Apati 1ye septanm 2020:

- Travayè yo p ap gen pèmisyon pou travay sou chantye sa a sof i yo resevwa **40 èdtan fòmasyon sou sekirite**, yo pwouve avèk yon Kat Fòmasyon Limite sou Sekirite nan Chantye.

Ale sou sitwèb www.nyc.gov/nycsafety oswa rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon.

POU RAPÒTE KONDISYON DANJERE NAN CHANTYE TRAVAY SA A SAN OU PA DI NON OU, RELE 311.